

Kòman pou li yon relvenòt lekòl segondè

Dosye elèv ede lekòl, elèv ak fanmi yo suiv pwogrè akademik yo. Elèv, ansyen elèv, paran ak responsab elèv gen dwa pou yo wè ak jwenn kopi dosye yo jan yo di sa nan [Deklarasyon sou Dwa Paran](#) ak [Deklarasyon sou Dwa Elèv](#) Depatman edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE). Dosye lekòl suiv elèv la soti nan youn ale nan yon lòt lekòl nan sistèm NYCDOE a. Dènye lekòl yon elèv frekante se pi bon plas pou kòmanse chèche dosye. Pou plis enfòmasyon, al gade www.schools.nyc.gov/school-life/learning/student-records-and-transcripts.

Kisa yon relvenòt ye?

Yon relvenòt se dosye konplè ofisyèl kredi lekòl segondè, nòt final ak egzamen elèv la pran nan NYCDOE. Li gen tout kou ak egzamen elèv la pran pandan lekòl segondè li.

Gen de diferan vèsyon relvenòt ou ka mande:

- Yo òganize “relvenòt elèv,” ipa ane ak tèm.
- "Dosye pèmanan elèv" la, gen enfòmasyonan sanblab men yo òganize l an domèn sijè.

Lekòl ou a gen dwa rele nenpòt ladan yo “relvenòt.”

Ki objektif relvenòt la?

NYCDOE itilize enfòmasyon ki sou relvenòt la pou wè ki kou ak egzamen yon elèv bezwen pou li ka rete sou wout pou gradyasyon. Ou ka itilize relvenòt ou tou pou aplike pou aopòtinite apre lekòl segondè tankou kolèj, djòb, oswa lame. Relvenòt ou se prèw kou ak egzamen ou fini, nòt ou ak reyisit akademik ou, ak gradyasyon w nan lekòl segondè.

Kijan mwen ka jwenn yon kopi relvenòt mwen.

Lekòl ou a sipoze ba ou yon relvenòt ki pa ofisyèl regilyèman. Sa pèmèt ou tcheke relvenòt ou pou wè si tout bagay ok ak poze kesyon sou pwogrè w ap fè. Kontakte konseye lekòl ou a si w poko resevwa yon kopi relvenòt ou. Ou ka mande yon kopi nan nenpòt moman.

Si w poko gen laj 18 ane, paran w oswa responsab ou ka mande lekòl ou a yon relvenòt ki pa ofisyèl nenpòt lè nan ane a.

Si w se yon ansyen elèv, ou sipoze kontakte dènye lekòl kote w te ye a pou jwenn kopi relvenòt ou.

Ki kesyon mwen ka poze lekòl mwen an?

- Kilè mwen ka atann pou m gradye?
- Ki kredi oswa egzamen mwen toujou bezwen?
- Ki kou ak egzamen y ap planifye pou m pran tèm pwochen an?
- Kòman mwen ka chanje non m ak sèks mwen nan relvenòt mwen?

Èske w konnen?

Chak elèv nan Vil Nouyòk dwe pran 44 kredi, yo distribye yo atravè domèn sijè espesifik, ak pase egzamen espesifik pou yo ka gradye. Jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon pou gradyasyon sou entènèt nan www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements. Lekòl ou a gen kat kondisyon pou gradyasyon tou ki montre kredi ak egzamen ki obligatwa, ki baze sou ane ou antre nan klas 9yèm ane.

Ou gen dwa pou mande enfòmasyon alekri osijè règleman pou lekòl la bay nòt. Kontakte konseye lekòl ou a pou jwenn yon kopi règleman pou yo bay nòt la pou kapab aprann kòman yo mezire ranman akademik.

Kont lekòl NYC pèmèt paran ak responsab elèv kapab gade prezans, nòt, evalyasyon, orè ak enfòmasyon kontak yo nan 10 lang sou konpitè, nan telefòn oswa tablèt. Si paran w oswa ou deja gen yon kont lekòl NYC (NYC Schools Account), ale sou <http://mystudent.nyc> pou antre nan kont ou. Pou ou anrejistre pou yon kont lekòl NYC, ale nan lekòl ou a oswa anrejistre sou entènèt nan [www.schools.nyc.gov/school-life/support/nyc-schools-account-\(nycsa\)](http://www.schools.nyc.gov/school-life/support/nyc-schools-account-(nycsa)).

Kiyès ki ka mande èd? Pale avèk konseye lekòl ou a oswa direktè lekòl la:



Kondisyon pou gradyasyon NYC



Pwogrè to gradyasyon



Règleman lekòl ou a grading policies

T&I-29972 (Haitian Creole)

Kòman pou li "dosye pèmanan" an

STUDENT PERMANENT RECORD SCHOOL NAME

1	Name / ID : STUDENT'S NAME / STUDENT ID NUMBER						
	Address : STUDENT'S ADDRESS						
	Ph# :	Ofcl :	Grade Level : 10	Status : A			
	Admit Date: 07/01/2018		Discharge Date :				
	DOB : 04/21/2005		Graduation Date :				
	Rank :		Counselor : GONZALEZ				
English / ENL / 1							Actual Mark
2	3	4	5	6	7	8	9
2018 / 1	02M972	EES81	ENGLISH 9	86	BENSIGN	1.00 / 1.00	
2018 / 2	02M972	EES82	ENGLISH 9	84	BENSIGN	1.00 / 1.00	
Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 2.00 / 2.00							
Subject Area Average : 85%							Credits Averaged : 2.00
Social Studies / 2							Actual Mark
2018 / 1	02M972	HGS41	GLOBAL STUD 9	73	LESSEIG	1.00 / 1.00	
2018 / 2	02M972	HGS42	GLOBAL STUD 9	60	LESSEIG	1.00 / 0.00	
2018 / 7	02M972	HGS42	GLOBAL STUD 9	67	LESSEIG	1.00 / 1.00	
Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 3.00 / 2.00							
Subject Area Average : 66.67%							Credits Averaged : 3.00
Mathematics / 3							Actual Mark
2018 / 1	02M972	MES21	ALGEBRA I	76	HIGGINS	1.00 / 1.00	
2018 / 2	02M972	MES22	ALGEBRA I	80	HIGGINS	1.00 / 1.00	
Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 2.00 / 2.00							
Subject Area Average : 78%							Credits Averaged : 2.00
Sciences / 4							Actual Mark
2018 / 1	02M972	SLS21	LIVING ENVIRON	86	LEWIS	1.00 / 1.00	
2018 / 1	02M972	SLS21QL	LIV ENV LAB	P	LEWIS	0.00 / 0.00	
2018 / 2	02M972	SLS22	LIVING ENVIRON	90	LEWIS	1.00 / 1.00	
2018 / 2	02M972	SLS22QL	LIV ENV LAB	P	LEWIS	0.00 / 0.00	
Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 2.00 / 2.00							
Subject Area Average : 88%							Credits Averaged : 2.00
Health/Physical Education / 8							Actual Mark
2018 / 1	02M972	PPS81	PHYSICAL ED	81	FELDMAN	0.50 / 0.50	
2018 / 2	02M972	PPS82	PHYSICAL ED	85	FELDMAN	0.50 / 0.50	
Subject Area : Actual Credits / Credits Earned : 1.00 / 1.00							
Subject Area Average : 83%							Credits Averaged : 1.00
10	Exam Summary						
2018	Term 2	SXRKE	LIV ENVIRO REG JUN	80			
2018	Term 2	MXREE	CC ALGEBRA I REG JUN	68			
Cumulative : Actual Credits / Credits Earned : 2.00 / 2.00							
Cumulative Average : 78%							Cumulative Credits Averaged : 2.00

- 1 Kazyè sa a genyen enfòmasyon debaz pou idantifye ak kontakte elèv la. Kontakte lekòl ou a si gen nan enfòmasyon sa yo ki pa kòrèk.
- 2 Kolòn sa a reprezante **ane ak tèm lekòl la** (2018/1) lè elèv la te pran kou a. Yon tèm se tout dire kou a. Elèv resevwa nòt final nan relvenòt yo nan fen chak tèm.
- 3 Kolòn sa a genyen "DBN" oswa "**Distri/Borough/Nimewo**" lekòl la (02M972). Li dekri lekòl kote elèv la te pran chak kou epi li teresevwa yon nòt. Lè elèv la transfere ant lekòl YCDOE oswa te pran kou nan yon lòt lekòl NYCDOE, ap gen plizyè DBN nan relvenòt la.
- 4 Kolòn sa genyen **kòd kou** a (EES81), ki fè konnen kisa yo te anseye ak kòman yo te bay kou a. Tout lekòl NYCDOE itilize menm pratik pou kode kou yo.
- 5 Kolòn sa a genyen **tit kou** yo (ENGLISH 9), ki dekri kisa yo reyèlman anseye nan yon kou. Diferan avèk kòd yo, lekòl ka chwazi pwòp tit kou yo.
- 6 Kolòn sa a gen nòt reyèl elèv la (86), oswa **nòt final pou yon kou**. Lekòl ka chwazi youn oswa plizyè echèl pou yo bay nòt (pa egzanp A-F ak 65-100). Kèk nòt tankou, NX, NL, ak NS, yo bay yo sèlman nan sitiyasyon trè ra. Kontakte lekòl ou a si w gen kesyon osijè nenpòt nòt oswa si w ta renmen jwenn yon kopi règleman lekòl ou a pou bay nòt.
- 7 Kolòn sa a genyen **non enstriktè** (BENSIGN) ki te anseye kou ak ki bay nòt final la .
- 8 Kolòn sa a genyen **kantite kredi chak kou bay** (1.00). Kèk kou, tankou laboratwa syans ak kou preparasyon Regents, yo bon kòm eksperyans men yo pa bay kredi. Sou relvenòt la, kou sa yo ap parèt kòm 0.00 kredi.
- 9 Kolòn sa a genyen **kantite kredi elèv la genyen** (1.00) pou chak kou. Elèv jwenn kredi sèlman pou kou yo pase. Ou ka jwenn yon rezime kantite kredi elèv la tante an konparezon ak kantite kredi elèv la jwenn anba chak seksyon domèn sijè ak nan fen relvenòt la. Si yon elèv pa pase yon kou, w ap wè gen mwens kredi li genyen ke kredi ki te tante. Elèv bezwen 44 kredi nan kou espesifik pou yo gradye.
- 10 Kolòn sa a genyen **Nòt egzamen Regents** elèv la. Lekòl gen opsyon pou yo afiche tout nòt egzamen Regents oswa jis pi gwo nòt elèv la jwenn pou chak egzamen.
- 11 Kontakte lekòl ou ye a si w gen kesyon sou kòman yo kalkile **mwayèn nòt li akimile** yo.